



**DANJE**

**OKSIJÈN  
PA FIMEN  
PA GEN FLANM DIFE VIF**



Fimen nan kay kote moun itilize oksijèn deklannche dife chak ane ki lakòz lanmò ak blesi lakay pasyan yo, manm fanmi yo, wazinaj, ak bèt kay yo.

Dife sa yo fè tout fanmi ak lòt lokatè bilding oblije soti nan kay yo, detwi tout byen yo, epi lakòz plizyè santèn milye dola nan domaj pwopriyete.



Commonwealth of Massachusetts  
**DEPATMAN  
SÈVIS DIFE**


978-567-3100  
[www.mass.gov/dfs](http://www.mass.gov/dfs)

# Sèvi ak

# Oksijèn Lakay

# San Danje

*Yon Gid Resous pou  
Pasyan, Fanmi, Klinisyen,  
ak Sekouris yo*



## Pou Pasyan ak Fanmi yo

Sèvi ak oksijèn lakay ogmante risk pou gen dife ak boule.

Sigarèt se premye #1 koz dife oksijèn ki fèt nan kay.

Lè yo itilize oksijèn nan kay la, li ka satire cheve w, rad, ak mèb. Dife ap pran pi fasil, pwopaje pi vit, epi boule ak plis entansite.

Lè w ap itilize oksijèn lakay ou, aprann kijan pou jere li san danje. Kenbe oksijèn lakay ou ak tiyo, lwen flanm dife, etensèl, ak sous chalè tankou:

Pwodui tabak ak kanabi

Brikè ak alimèt

Balèn ak lansan

Recho ak gri ki sèvi ak gaz

Sechwa pou cheve

Ekipman chofaj

Evite itilize pwodui kosmetik ak lòt pwodui ki gen engredyen ki ka pran dife tankou lwil, grès, petwòl, ak asetòn (pou retire vèni).



## Pou Doktè yo

Dife bezwen oksijèn pou boule. Oksijèn pou lakay ka kreye yon anviwònman ki gen anpil oksijèn nan kay pasyan ou a. Dife ka kòmanse nan plizyè fason, men fimèn se koz prensipal nan oksijèn lakay ki pran dife.

Fimèn pandan gen oksijèn nan kay la prezante yon danje patikilye pou gen boule grav e ki ka menm lakòz lanmò. Dife sa yo ka pwopaje byen fasil epi mete tout moun nan bilding nan an dajè.

Ankouraje epi ede pasyan ou yo kite fimèn. Ede yo konprann gwo risk ki genyen pou dife pran ak blesi ki asosye ak fimèn sou oksijèn lakay yo.

Fimèn se yon danje pou sante pèsònèl epi li kapab yon risk sekirite pi-blik. Doktè yo ak pasyan yo ka jwenn plis enfòmasyon sou resous pou sispann tabak nan [www.mass.gov/quitting](http://www.mass.gov/quitting).

## Li Espesyalman Danjere pou Fimèn sou Oksijèn Lakay

Pa gen moun ki ta dwe fimèn lakay ou. Risk pou gen dife a twò wo.

Ou pa ta dwe fimèn.

Fanmi w ak zanmi w pa ta dwe fimèn bò kote w.

Sispann fimèn se pi bon bagay ou ka fè pou sante w ak sekirite w. Si w gen pou fimèn:

1. Dekonekte oksijèn nan.
2. Tann 10 minit.
3. Ale deyò pou fimèn.
4. Etenn pwodui fimèn yo nan yon sandriye lou ak dlo oswa sab.

Sa ap bay oksijèn nan tan pou l soti nan cheve w ak rad ou nan lè a. Sa pa yon fason ki san danje pou fimèn men li gen mwens risk pase fimèn andedan kay la.

## Ou Bezwen Èd pou kite Fimèn?

Gen èd GRATIS pou ou! Massachusetts Tobacco ak Nicotine Quitline ofri konsèy nan telefòn, enfòmasyon, ak sèvis referans gratis pou rezidan Massachusetts ki vle sispann itilize tabak ak pwodui nikotin. Vizite sou entènèt nenpòt lè nan [www.mass.gov/quitting](http://www.mass.gov/quitting) oswa rele:

**1-800-QUIT-NOW**  
**1-800-784-8669 (English)**

**1-855-DÉJALO-YA**  
**1-855-335-3569 (Español)**

**TTY Konpoze 711**

**Resous anplis:**

American Cancer Society  
1-800-227-2345  
[www.cancer.org](http://www.cancer.org)

American Lung Association  
[www.lungusa.org](http://www.lungusa.org)

Resous pou Granmoun Aje nan Massachusetts  
1-800-AGE-INFO  
(1-800-243-4636)  
Biwo Egzekitif pou Zafè Granmoun

